



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN PIBLIK KI GEN DE FAZ NAN SCHENECTADY, SA K AP KREYE AK PREZÈVE YON TOTAL 300 LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ**

***Faz II Northside Village la fini revitalizasyon devlopman lojman piblik ki gen 75 ane epi li kreye 211 inite kay modèn, ki abòdab, ak ki efikas an enèji – enkli 43 inite sipò pou moun ki gen andikap fizik yo***

***Premye Faz la, ki te fini an 2021, te kreye ak prezève 89 nouvo apatman – ki enkli 18 inite sipò pou veteran ak moun ki gen adikap fizik yo***

***Bati sou angajman kontinyèl Gouvènè a pou konstwi ak prezève lojman abòdab atravè Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Northside Village, yon gwo revitalizasyon lojman piblik nan Schenectady ki kounye a ofri 300 kay modèn, abòdab, ak efikas an enèji, ki gen ladan yon total 61 inite ak sèvis sipò pou veteran ak moun ki gen andikap fizik yo.

"Administrasyon mwen an pran angajman pou elaji opòtinite lojman ak kreye kominote ki estab, vibran atravè New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa vle di prezève estòk ojman ki egziste deja epi revitalize devlopman lojman piblik tankou Northside Village pou plis fanmi gen aksè ak kay ki abòdab ak an sekirite yo bezwen pou yo pwospere."

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 450 apatman abòdab nan bilding pou plizyè fanmi yo nan Konte Schenectady. Northside Village kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Faz II Northside Village la konplete revitalizasyon ansyen konplèks lojman piblik Yates Village ki te konstwi an 1948 la. Dezyèm faz la te enplike demolisyon sis estrikti demode ak nouvo konstriksyon 37 bilding de etaj ak 211 apatman, ki gen ladan 43 inite

ak sèvis sipò pou moun ki gen andikap fizik yo. Anplis de sa, faz II amelyore ekipman sou plas pou kominote a, tankou de nouvo lakou rekreyasyon, yon teren baskètbòl, yon zòn syèj pou rezidan yo, ak espas vèt amenaje.

Pwemye faz pwojè a, ki te fini an 2021, te gen ladan reyabilitasyon konsiderab 25 apatman ki egziste deja ak adisyon 64 nouvo apatman, ki gen ladan 18 inite lojman sipò rezève pou moun ki gen andikap ak veteran yo. Faz I an tou enkli konstriksyon yon sant kominotè.

Tout 300 apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti pase sa. Se Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady (Schenectady Community Action Program) ki ofri sèvis sipò sou plas, tankou jesyon ka, sèvis travay, ak sèvis ijans/entèvansyon.

Northside Village satisfè kritè sètifikasyon efikasite enèji ak bilding vèt ki nesèsè pou sètifikasyon Enterprise Green Communities ak Energy Star Kay Sètifye (Certified Homes) yo. Mezi efikasite enèji nan Northside Village gen ladan ekleraj enteryè ak eksteryè LED, aparèy Energy Star, ak estasyon rechaj veyikil elektrik.

Devlopman an te patisipe nan Pwogram Demolisyon/Dispozisyon Seksyon 18 Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an, ki pèmèt otorite lojman piblik yo demoli oswa sede lojman piblik si retansyon pa nan pi bon enterè rezidan yo oswa si pwojè a demode fizikman.

Pennrose, Duvernay + Brooks ak Otorite Lojman Minisipal Schenectady (Schenectady Municipal Housing Authority) te devlope Northside Village ansanm.

Finansman Eta a pou reyabilitasyon 88 milyon dola pou pwojè Faz II Northside Village la te enkli 18 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal, 35 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba ak 26 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. HCR te bay plis pase 20 milyon dola tou nan sipò pou premye faz la.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Revitalizasyon apwofondi Northside Village te prezève kay 300 fanmi pandan y ap soufle yon nouvo lavi nan Northside Schenectady a. Lè yo ranplase lojman piblik ki aje pa bon jan kalite kay, nou non sèlman pwoteje rezèv lojman nou an alontèm, men tou, nou kreye kominote ki pi vibran epi pèmèt rezidan yo reyisi. Mèsi ak patnè nou yo nan Pennrose Duvernay + Brooks, ak Otorite Lojman Minisipal Schenectady a ki ede fè pwojè sa a vin yon reyalyte."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Chak fanmi Schenectady merite aksè ak yon lojman ki an sekirite, ki abòdab. Mwen fyè dèske Kredi Enpo federal pou Lojman pou Revni ki Fèb yo, ke mwen te travay di depi lontan pou m pwoteje, te bay plizyè milyon dola ki nesèsè pou transfòme devlopman ki gen 75 ane sa a an plizyè santèn nouvo kay abòdab pou fanmi Rejyon Kapital yo ak sèvis sipò enpòtan pou ede

rezidan ki pi vilnerab nou yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske li ogmante aksè ak lojman abòdab nan Schenectady ak atravè New York, epi mwen p ap janm sispann goumen pou asire ke chak Nouyòkè gen yon do kay sou tèt yo."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Aksè ak yon lojman ki an sekirite, abòdab esansyèl, epi fè reyon nou an yon kote ki pi solid, pi rezistan, ki pi bon pou tout moun. Mwen te kontinye pouse pou envèstisman federal ki sipòte epi fè kominote nou yo avanse pou pi devan, epi mwen rekonesan dèskwe mwen gen patnè lokal ak eta devwe k ap travay chak jou pou konplete pwojè ki pote transfòmasyon sa a epi asire fanmi Schenectady nou yo gen yon bon jan kalite kote ki modèn, ki an sekirite pou rele lakay yo."

**Senatè Eta Jim Tedisco te deklare,** "Re-ouvèti ak redevlopman Yates/Northside Village an lojman sipò abòdab pou moun ki gen andikap se yon okazyon trè akeyan pou rezidan Schenectady yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS pou sipò yo pou inisyativ sa a nan 44èm Distri Sena a pou bay plis moun opòtinite pou yo jwenn yon kote pou yo rele lakay yo."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Kòm yon pati enpòtan nan rajenisman iben Schenectady, finisman Northside Village make yon pwogrè enpòtan nan amelyore lojman aksesib, ki efikas an enèji pou kominote nou an. Faz sa a se yon temwayaj angajman nou pou bay bon kalite rezidans, espesyalman pou moun ki gen andikap fizik yo. Kolaborasyon ant gouvènman an, otorite lojman yo, ak devlopè yo pral kreye lojman ki bay sipò, abòdab kanpe kòm yon modèl esansyèl pou transfòme espas vivan yo. Se yon moman fyète pou nou wè rezilta efò san pran souf ak devouman pou satisfè bezwen lojman enpòtan Schenectady yo. Pwovizyon sèvis sipò, efikasite enèji, ak estanda bilding vèt demontre angajman nou pou asire yon pi bon avni dirab pou tout moun."

**Prezidan Chanm Lejislatif Konte Schenectady, Anthony Jasenski te deklare,** "Repare Yates Village se te yon gwo priyorite pou ekip devlopman ekonomik inifye nou an. Nouvo Northside Village la se yon gwo chanjman pozitif nan yon antre kle nan Konte Schenectady ak yon gwo ranfò nan Northside vil la. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, ak devlopè Pennrose ki investi nan Konte Schenectady."

**Majistra Vil Schenectady Gary McCarthy te deklare,** "Schenectady ap sibi kounye a yon envestisman remakab 249.6 milyon dola nan lojman abòdab ak revitalizasyon katye yo atravè vil nou an. Youn nan pilye envestisman istorik sa a se redevlopman Northside Village, ki te transfòmatif pou katye Goose Hill la epi ki prevwa pou ogmante yon fason konsiderab disponiblite lojman abòdab pou rezidan nou yo nan Schenectady. Transfòmasyon enpòtan sa a pa t ap kapab fèt san lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, epi mwen pa ka tann patenarya kontinyèl li nan amelyore katye nou yo isit la nan Vil Schenectady."

**Vis Prezidan Rejyonal Pennrose lan, Dylan Salmons, te deklare,** "Nou fyè dèske nou isit la jodi a selebre finisman revitalizasyon konplè Northside Village la, prezèvasyon miltifaz 300 kay abòdab pou fanmi Schenectady yo ak diferan revni. Gras ak kolaborasyon ak vil la, Metroplex, SMHA, Duvernay + Brooks ak tout patnè pwojè nou yo ak sipòtè pou kontribisyon yo nan transfòmasyon konplèks lojman piblik sa a an yon kominote vibran ki gen bon jan kalite lojman pou moun ki gen revni miks, ekipman rezidan solid, resous kominotè, ak sèvis sipò ki pral benefisye katye Northside la pou ane k ap vini yo."

**Direktè Egzekitif Otorite Lojman Minisipal Schenectady, Richard Homenick, te deklare,** "Konplete faz final Northside Village la reprezante yon transfòmasyon remakab nan pwopriyete sa a ki pral benefisye non sèlman moun ki abite isit la, men tout kominote ki antoure li a. Gen yon popilasyon k ap grandi k ap bezwen bon jan kalite lojman abòdab, epi gras ak anpil patnè nou yo, nou prezève yon byen ki gen anpil valè ke fanmi yo ak kominote a ka fyè de li."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)